



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ALOKASYON 15 MILYON DOLA POU ANKOURAJE
VAKSINASYON NAN KOMINOTE PANDEMI COVID-19 LA AFEKTE DEFASON KI
PA PWOPÖSYONÈL**

Yo Akòde 5.5 Milyon Dola bay Federasyon Ispanik lan, Yo Akòde 5.5 Milyon Dola bay Federasyon Ajans Byennèt Sosyal Pwotestan yo, Yo Akòde 1 Milyon Dola bay Kowalisyon Imigrasyon New York, Yo Akòde 1 Milyon Dola bay Federasyon Azyatik Ameriken, Yo Akòde 1 Milyon Dola bay Sant Kominotè Charles B. Wang, Yo Akòde 1 Milyon Dola bay Sant Sante Kominotè APICHA

Finansman pou Ranfòse Kominikasyon, Elaji Edikasyon Piblik ak Amelyore Efò Sansibilizasyon K ap Kontinye Fèt yo

[Nouvo Piblisite ap](#) Egzòte Nouyòkè yo Toupatou nan Eta pou yo Pran Vaksen

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse alokasyon 15 milyon dola ki soti nan bidjè Eta New York la pou ankouraje vaksinasyon nan kominote yo toupatou nan eta pandemi COVID-19 la te plis afekte a. Y ap itilize finansman yo pou ranfòse kominikasyon, elaji edikasyon piblik la ak ranfòse efò sansibilizasyon k ap kontinye fèt yo toupatou nan divès kominote.

Epitou, Gouvènè a te anonse yon [nouvo piblisite](#) ki egzòte Nouyòkè yo toupatou nan eta a pou yo pran vaksen.

"COVID-19 la ekzpose yon seri inegalite ki egziste depi lontan nan sosyete nou an, epi nou wè prè la nan alafwa to pozitivite ak to vaksinasyon nan kominote viris la te plis afekte yo," **se sa Gouvènè Cuomo te di.** "New York ap fè tout sa li kapab pou moun yo rive pran vaksen, finansman bidjè sa pral ede nou vize yon seri efò sansibilizasyon nan kominote ki pi vilnerab nan eta a pou n kapab asire nou tout moun an mezi pou yo pran vaksen. Nou te fè pwogrè enkwyab nan batay nou t ap mennen kont COVID-19 la, men gen lòt etap pou n pase toujou, epi sa pral ede nou pwoteje kominote yo toupatou nan eta a."

Y ap akòde finansman yo bay òganizasyon sa yo. Gen kèk gwoup ki pral itilize finansman yo pou sou-trete òganizasyon k ap desèvi kominote sib yo.

- **Federasyon Ispanik:** 5.5 milyon dola pou sansibilizasyon ak fòmasyon sou vaksen kont COVID-19 la, jesyon ka, epi pou kreyasyon sit vaksinasyon ak fòmasyon nan kominote a. Sa pral gen ladan gwo jefò nan maketing, vizit de pot

an pot nan batiman ki gen anpil moun aje k ap viv ladan yo, tradiktè pou materyèl sansibilizasyon yo, idantifikasyon obstak ki ka limite aksè pou moun koulè yo pran vaksen, rezo sosyal yo ak esplwate yon rezo ki gen plis pase 65 òganizasyon kominotè latino ki fyab toupatou nan eta a. Federasyon an pral eksplwate anplwaye li ansanm ak òganizasyon kominotè san bi likratif li yo pou deplwaye yon rezo jesyon ka ak travayè sosyal ki bileng/bikiltirèl pou fè evalyasyon davans ak reponn kesyon, pami tout lòt jefò yo. Epitou, li pral fòme, deplwaye ak ranfòse rezo òganizasyon kominotè ki deja egziste a pou l sèvi kòm sant inik konsènan fòmasyon kominotè sou COVID-19 la epi nenpòt lè sa posib pou l fonksyone kòm sit vaksinasyon an kolaborasyon ak eta a ansanm ak otorite sanità yo.

- **Federasyon Ajans Sosyal Pwotestan yo:** 5.5 milyon dola pou fòmasyon dirèk ak fòmasyon piblik debaz pou kominote a ak nan tout eta a konsènan vaksinasyon kont COVID-19. FPWA pral òganize yon seri reyinyon piblik pou fòme fomatè nan tout eta a epi l ap sibvansyone 40 a 60 òganizasyon kominotè ki baze nan Vil New York, lye adorasyon, òganizasyon sosyal ansanm ak ajans sèvis sosyal ki nan zòn ki gen plis bezwen yo pou sipòte sansibilizasyon, fòmasyon sou vaksen kont COVID-19 la ak ede moun gen aksè pou pran vaksen an. Òganizasyon an pral fè tou sansibilizasyon pou kominote moun Nwa yo, ki gen ladan apèl telefòn an dirèk ak mesaj tèks. Finalman, li pral lanse yon kanpay sible sou rezo sosyal yo ki peye, ki gen ladan piblisite anliy ak efò òganizasyon.
- **Kowalisyon Imigrasyon New York:** 1 milyon dola pou founi enfòmasyon ki egzat, teknik epi ki adapte sou COVID-19 ak vaksen an dirèkteman bay kominote yo epi sa dwe fèt atravè òganizasyon manm yo. NYIC pral devlope yon seri resous ki oryante anvè kominote a, ki abòde nòm kalifikasyon ki pi resan yo, enfòmasyon sou sante piblik ak pwèn aksè pou moun pran vaksen an. Òganizasyon an pral kowòdone tou resous lokal yo pa egzanp pwofesyonèl sante ki bay vaksen kont COVID-19 ak vaksen kont lagrip yo oswa famasi, rezèv alimantè, ansanm ak sèvis swen sante pou kreye yon seri pwogram oryantasyon ki aksesib e fyab pou yo pataje ak manm kominotè yo toupatou nan eta a. Li pral òganize tou yon seri aktivite rejyonal pou fòmasyon kominotè toupatou nan eta a ansanm ak yon seri konferans anliy sou kontni ki lye ak COVID-19 la.
- **Federasyon Azyatik Ameriken, Sant Kominotè Charles B. Wang, San Sante Kominotè APICHA:** 1 milyon dola pou yo chak pou yo kapab kolabore ak òganizasyon kominotè ak òganizasyon sivik k ap desèvi komonite Azyatik la nan Eta New York grasa sansibilizasyon pou manm ki pi difisil pou rive atenn yo nan kominote a, ki gen ladan granmoun aje ki ret konfine anndan kay yo, imigran ki pa gen papye yo, fanmi ki gen kapasite limite nan lang Anglè yo. Òganizasyon an pral kowòdone materyèl pou fòmasyon ak sansibilizasyon yo, l ap sitou kowòdone tradiksyon materyèl yo; kowòdone avèk eta a ansanm ak patnè yo konsènan pwogramasyon vaksen an; epi l ap ede òganizasyon yo nan estrateji sansibilizasyon yo.

Prezidan e PDJ Federasyon Ispanik lan, Frankie Miranda, te di, "Pandemi COVID-19 la te agrave inegalite ki egziste depi lontan nan sosyete nou an - sitou nan kominote moun koulè toupatou nan Eta New York la. Federasyon Ispanik lan te toujou devan depi premye jou kriz sanità a pou l desèvi kominote nou an ak pou l asire moun jwenn aksè ak sèvis ansanm ak enfòmasyon ki esansyèl yo. Pwiske nou kontinye remake moun koulè yo dèyè

toujou antèm de kantite vaksen ki bay, n ap pran yon seri mezi imedyà pou nou asire nou tout kominote nan New York jwenn aksè ekitab pou yo pran vaksen. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou kapasite lidèchip li nan kreye inisyativ esansyèl sa a - 15 milyon dola sa gen yon enpòtan moun pa ta imajine pou anleve obstak pou Nouyòkè yo atravè fòmasyon ak sansibilizasyon sou vaksen an ak pou desèvi zòn ki gen plis bezwen yo."

PDJ e Direktè Jeneral Federasyon Ajans Byennèt Sosyal Pwotestan yo, Jennifer Jones Austin, te di, "Nouvo finansman sa ki vèse pou òganizasyon kominotè yo toupatou nan New York la, ke Gouvènè Cuomo sipòte a, vize pwolonje efò nou pou n asire tout moun jwenn enfòmasyon sou vaksen an epi yo gen aksè ak li byen fasil paske rechèch montre majorite moun k ap mouri nan Covid-19 jounen jodi a se moun ki pa pran vaksen. Òganizasyon lokal ki gen relasyon pwofon ak kominote pandemi an plis afekte yo, sitou kominote moun koulè yo ak sila ki gen revni ki ba yo, pral jwenn sipò finansyèl yo bezwen pou yo founi enfòmasyon sou vaksen an pou moun yo kapab pran bonjan desizyon sou sante yo pou kont yo. Efò sa p ap sèlman pèmèt nou retabli sante ak sekirite pou tout Nouyòkè yo, men li esansyèl tou pou tout aktivite yo reprann pou tout moun nan eta nou an."

Direktè Jeneral Kowalisyon Imigrasyon New York la, Murad Awawdeh, te di, "Vaksinasyon se dènye etap ki esansyèl pou n fin konbat COVID-19 la nèt, men tout kominote yo p ap pran vaksen yo nan menm vitès. Anons Gouvènè Cuomo fè sou 15 milyon dola a pou amelyore fòmasyon ak sansibilizasyon sou avantaj ki gen nan vaksinasyon se yon efò esansyèl nou bezwen pou n fè mesaj la pase. Finansman sa pral ede òganizasyon kominotè ki gen rezo lokal yo atenn Nouyòkè ki pa ko pran vaksen an ak entegre yo nan kanpay la. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou efò li fè nan non kominote ki defavorize yo epi mwen espere wè yon New York kote moun plis an sante e an sekirite grasa nouvo efò sa yo."

Direktè Jeneral Federasyon Azyatik Amerekin an, Jo-Ann Yoo, te di, "Nouvo finansman sa pou òganizasyon kominotè yo nan New York, ke Gouvènè Cuomo sipòte a, pral amelyore kapasite nou genyen pou n fè mesaj la pase konsènan avantaj ki genyen nan vaksinasyon nan kèk nan kominote ki pi vilnerab nan eta a. Nou te fè gwo gwo pwogrè nan vaksine Nouyòkè yo kont COVID-19, men anpil nan gwoup ki izole yo se prezizeman sila yo viris la te plis frappe avan yo. Mwen kontan wè yo vèse finansman sa bay yon seri òganizasyon enpòtan epi mwen espere wè yo fè to vaksinasyon an ogmante pandan y ap kowòdone resous ki nan katye yo ak fòmè Nouyòkè k ap viv nan eta nou an."

Direktè Jeneral an Chèf Sant Sante Kominotè APICHA a, Therese R. Rodriguez, te di, "Chak grenn nan òganizasyon sa yo sitou byen plase pou atenn kominote pandemi COVID-19 la te plis afekte yo. 15 milyon dola pral founi yon seri resous esansyèl pou n diminye sou disparite ki egziste toupatou nan eta a. Gouvènè Cuomo te gentan prevwa depi premye jou a t ap gen disparite nan to vaksinasyon yo nan plizyè kominote diferan nan New York. Previzyon sa pèmèt nou abòde pwoblèm sa depi byen davans. Se ak anpil imilite ak onè m ap kolabore ak Eta New York pou nou edike tout Nouyòkè sou avantaj ki genyen nan vaksinasyon. Nou salye vizyon Gouvènè a ak rekonesans li sou fason li atenn ak fè enpak sou òganizasyon kominotè yo ansanm ak sant sante kominotè yo. Pandan n ap founi yon seri resous dirab bay yon seri òganizasyon ki konn abitye founi yon seri sèvis bay kominote ki gen divèsite kiltirèl ki difisil pou atenn yo, sa ranfòse kanpay vaksinasyon an nan Eta New York."

Direktè Jeneral an Chèf Sant Kominotè Charles B. Wang lan, Kaushal Challa, te di, "Pwiske deplizanpli Nouyòkè yo ap pran vaksen pou COVID-19, li vin deplizanpli evidan ke gen kèk kominote viris la te plis frape kote moun pa tèlman pran vaksen tou. 15 milyon dola ki mansyone nan anons sa pral ede òganizasyon ki enpòtan anpil ki byen anrasine nan kominote a atenn Nouyòkè ki pa ko pran vaksen yo a epi l ap mete yo alabri. Gouvènè Cuomo te pran inisyativ pou l asire l kominote ki defavorize yo gen aksè ak vaksen an pandan l kreye yon seri sit pop-up toupatou nan eta a, epi alokasyon finansman sa se yon etap lojik nan efò kontini sa a."

Finansman sa fè pati efò Eta New York kontinye fè pou l ankouraje vaksen kont COVID-19 la, pandan l mete yon aksan patikilye sou kominote kote moun pa tèlman pran vaksen yo ansanm ak kominote viris la plis frape yo. Nan dat 18 Jen an, Gouvènè a te anonse gen [nèf nouvo sit vaksinasyon pop-up](#) ki louvri nan oswa toupre yon seri sant vòt antisipe, pandan l konsantre l sou yon seri zòn kote done kòd zip yo montre to vaksinasyon an enferyè pa rapò ak to mwayèn nan tout eta a. Nou te rive mete sit sa yo sou pye grasa patenarya nou ak gouvènman lokal yo ansanm ak patnè medikal yo epi yo te vize rann vaksen yo pratik e aksesib nan tout zòn sa yo ki plis nan bezwen yo. Nan dat 17 Jen an, Gouvènè Cuomo te anonse gen [12 nouvo sit vaksinasyon pwovizwa](#) ki louvri nan zòn kote done kòd zip yo montre to vaksinasyon an toutafè enferyè pa rapò ak to mwayèn nan tout eta a.

Finansman sa a ansanm ak kolaborasyon ak gwoup kominotè sa yo se rezilta rekòmandasyon Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York la te fè a. Gouvènè Cuomo te fè distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la yon priyorite prensipal depi nan kòmansman pwosesis sa a. Nan fen ane 2020 an, Gouvènè a te anonse lansman Travay An Gwoup la, ke Sekretè Eta a ki se Rossana Rosado dirije, Prezidan e PDJ National Urban League la ki se Marc Morial, ak Prezidan e PDJ Healthfirst la ki se Pat Wang. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout Eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)